***1-bólim: Hárbir tapsırma 0,9 balldan bahalanadı***

**1.** Gúlzarǵa 1) gúmis qıs, 2) jamǵırlı báhár, 3) jaynaǵan jaz, 4) altın gúz sóz dizbeklerin jazıw hám sózler aralıǵındaǵı keyingi sestiń ózinen aldıńǵı seske tásir etiw qubılısı ushırasatuǵın sózdiń astın sızıw tapsırıldı.
Ol qaysı sandaǵı sózdiń astın sızsa, durıs boladı?

A) 2 B) 3
C) 4 D) 1

**2.** Gáptegi kóp noqattıń ornına qaysı sóz shaqabın jasawshı qosımta qoyılıwı kerek?
Jas (1)ilim. . . eski qoljazba tekstlerin oqıp, (2) ózin... bir nárselerdi gúbirlenip otır.

A) 1-atlıq; 2-ráwish B) 1-kelbetlik; 2-feyil
C) 1-kelbetlik; 2-atlıq D) 1-ráwish; 2-atlıq

**3.** Salıstırıw dáreje kelbetliklerdi anıqlań.
1) suwıq 2) dım qarańǵı 3) sezgir 4) qızıq-qızıq 5) qızǵıltım 6) kógis

A) 1,3 B) 2,4
C) 5,6 D) 4,5

**4.** Hádislerde ilimiy táliymat oǵada joqarı bahalanadı. Rasulilla ayttı:
— Túsimde maǵan bir ıdısta sút keltirdi. Qanǵanımsha ishtim, hátte, tırnaqlarımnan sút shıǵıp ketti. Saxabalar soradı:
— Bunı ne dep joıdıńız?
— ...... , — dep jorıdım.
Kóp noqattıń ornın tolıqtırıń.

A) hádis B) kitap
C) ilim D) óner

**5.**N.Dáwqaraevtıń qálemine tiyisli shıǵarmanı anıqlań.

A) «Tazagúl» B) «Batırlıq»
C) «Erlik dárkar» D) «Harma diyqan»

**6.** Berdaq dóretiwshiligin ilimiy jaqtan izertlegen tariyxshı alımlar kimler?

A) S.Kamalov, M.Tilewmuratov
B) H.Hamidov, J.Bazarbaev
C) M.Xalmuratova, A.Utambetova
D) K.Allambergenov, B.Kurbanbaev

**7.** «Hamsa» nı eń birinshi mártebe jazǵan sóz sheberi kim?

A) Nizamiy Ganjaviy
B) Hısraw Dehlaviy
C) Abdiraxman Jámiy
D) Alisher Nawayı

**8.**Kavkazdağı túrkiy tillerge qaysı tiller kiredi?
A) ózbek, qaraqalpaq, qazaq, uyǵır, túrkmen tilleri
B) tatar, bashqurt, chuvash tilleri
C) gagauz, qırım tatarı hám qarayım tilleri
D) ázerbayjan, qumıq, qarashay-balqar, noǵay tilleri

**9.** T.Qayıpbergenovtıń qaysı shıǵarmasında Aral teńizin qutqarıw máseleleri, sonday-aq hadallıq, haqlıq, ar, hújdanlılıq hárqanday jamanlıqlardan ústin qoyıp súwretlenedi?
A) «O dúnyadağı atama xatlar»
B) «Qaraqalpaqpan.Táwekelshimen»
C) «Qaraqalpaqtıń óz qalpaǵı menen sırlsıwı»
D) «Kózdiń qarashıǵı»

**10.** Qaysı shıǵarmada qız ayttırıp barǵan eki jigittiń qızdıń anasınıń is-háreketin kórip, kelgen jumısımızdı aytpay –aq qoyayıq «sheshesin kórip qızın al» -degen sheshimge kelip ketip qalǵanlıǵı sóz etiledi?
A) «Qaǵıyda»
B) «Qátere»
C) «Ánipa»
D) «Orlean qızı»

**11.** Quramında jińishke, eziwlik, qısıq dawıslı ses qatnasqan dórendi sózlerdi anıqlań.1***) qamshılı***
***2) lalazar 3) serle***
***4) namaqul 5) biymálel 6) kóplew.***
A) 5, 6 B) 2,4
C) 3, 5 D) 1, 6

**12.** Keshegi kúnińdi yadıńa salma,
Aldımda ne bar dep jılayman bolma,
Jaslıq qaytıp kelmes, qayǵırǵandı qoy,
Quwnaq bol, ómirińdi qulatıp alma, - Omar Hayyamnıń qosıq qatarlarınan juwaplarda kórsetilgen qaysı mazmundı ańlawǵa boladı?
A) filosofiyalıq B) satiralıq
C) táriyiplik D) ironiyalıq

**13.**Juwaplardan Á.Ótepov dóretiwshiligine tiyisli maǵlıwmattı tabıń.
A) Dramaturg “Árman” pyesasında qaraqalpaq xalqınıń batır ullarınıń biri Ernazar alakóz obrazın dóretedi.
B) Dramaturgtıń “Gúman” pyesasında Murattıń gúmanshıllıǵı, usınıń aqıbetinde hayalınıń ólimine sebepshi bolıwı sóz etiledi.
C) “Kim bilmeydi Ayshanı” qosıǵında Aysha sıyaqlı san mıńlaǵan qaraqalpaq qızlarınıń jańa internatta bilim alıp,óner úyrengenligi jırlanǵan.
D) Shayırdıń aǵartıwshılıq oy-pikirleri “Oqıwǵa kel”, “Inan mákkam”, “Óner bilim” qosıqlarında bayıtıp barıladı.

**14.** Atawısh tirkewish qatnasqan qaysı gápte gónergen sóz qollanılǵan?
A) Baǵınıń tanabına qaray neshe teńgeden salıq salatuǵınlıǵın aytpaqshı.
B) Keli-kelsaptıń qasında bir batpan dán bar, al arraǵıraqta kepshik jatır.
C) Men mına awıldan gúnde menen moyıntırıq ákeleyin.
D) Xan úydiń keregesi altınnan, uwıǵın gúmisten isletiw jóninde oylandı.

**15**. T.Qayıpbergenovtıń «Dárya teńizge quymaǵı lazım» shıǵarmasınıń janrlıq ózgesheligin anıqlań.
A) poema B) ocherk
C) gúrriń D) novella

**16.** Qos qanat bermedi, berdi zibandı,
Ushqır qıyal berdi, berdiler jandı,
Íshqı berdi súyiw ushın Watandı,
Jáne álemlerdi qayxan áyledi. Qosıq qatarındaǵı astı sızılǵan sózdiń mánisin anıqlań.
A) kosmos B) ay
C) juldız D) kún

**17.** XIX ásirdiń birinshi yarımında «Sibir xabarları» jurnalında kimniń «Enisey estelikleri» — dep atalǵan maqalası járiyalanıp, latın tilinen birneshe tillerge awdarılǵannan keyin, bul estelikke úlken dıqqat awdarıla basladı?
A) Misser-Shmidler B) Georgiy Spasskiy
C) Vilgelm Tomsen D) N.M. Yadrencev

**18.** «Allaǵa ashıq hám sadıq bolıp jasaw ǵana adamlardı barlıq bálelerden, jamanlıq hám apatlardan qutqaradı. Sebebi, Alla birden bir jaratıwshı bolıp qalmastan, birden bir qutqarıwshı ullı ádalat tımsalıdur»-degen danalıq pikir qaysı danıshpanǵa tiyisli?
A) Xoja Axmet Yassawiy
B) Al-Buxariy
C) Kayqawıs
D) Sulayman Baqırǵaniy

**19.** Kúnxoja shayırdıń qosıq qatarlarında metonimiyalıq kórkemlew quralı qollanılǵan juwaptı tabıń.
A) Jaz kúnlerim boldı gúzek
B) Dáryada suwlar joq,aǵar qızıl qan.
C) Qızılqum sel bolıp kózdiń jasına
D) Tapqanım jetpey jutımǵa

**20.** Ílaq, qozılardı bir qatar dizip baylaw mánisin bildiriwshi sóz qaysı gápte qollanılǵan?
A) Gúwenlew ne ekenin bilmegenlikten bólemniń is-háreketine dıqqat penen qarap turdım.
B) Qoranıń bir múyeshinde turǵan silos janıwarlarǵa basqasha bolıp kóringendey edi.
C) Onıń ústine padadaǵı ayırım kóterem mallar ayaqların zordan basıp shayqatıladı
D) Japtıń jaǵasında qalǵan jórgem Árepbaydıń usı átirapta ekenligin ańlattı.

**21.** Qaysı gápte dórendi sózdiń túbirindegi aqırǵı únli dawıssız ses qosımta qosılıwı nátiyjesinde keyingi sestiń tásir etiwi menen aytılıwında ózgeriske ushıraydı, biraq jazıwda esapqa alınbaydı?
A) Shańǵıt jolda arba kórinbeydi,tek shıyqıldaǵan dawısı esitiledi.
B) Atanazar azanǵı halqastan soń balaların ertip atızǵa ketti.
C) Janǵa jaǵımlı tańǵı hawa kimdi bolsa da ájayıp sezimlerge bóleydi.
D) Ol Azatqa sońǵı jańalıqlardı esittiriw ushın asıǵıp baratır.

**22.** Berilgen jup sózlerdiń eki sıńarında únsiz jubayı joq únli dawıssız ses qatnasqan juwaptı belgileń.
A) saw-salamat, talas-tartıs, qurt-qumırısqa.
B) dúz-nesip, baw-baqsha, áste-aqırın.
C) qáddi-qáwmet, mázi-mayram,san-sapa
D) úrp-ádet, qız-kelinshek, ata-baba.

**23.** Bayanlawıshı orın sepligindegi kelbetlik feyil arqalı bildirilgen shárt baǵınıńqılı qospa gápte almasıqtan bolǵan qıya tolıqlawısh qollanılǵan juwaptı belgileń.
A) Mende bul kitap bolmaǵanda, sen de, basqalar da sorawdıń juwabın taba almay qıynalar edińiz.
B) Saǵan isenip biykar kútip otıra bergennen, ózim-aq barlıq jumıslardı dóndirip taslayman.
C) Meni bunshelli qıstastıra bermegende, basqa balalar da álleqanday sawǵaǵa iye bolar edi.
D) Hámmemiz shay iship otıra bergenimizde, isleytuǵın jumıslarımız qalıp ketken bolar edi.

**24.** Aytqanda tildiń ortası tańlayǵa qaray sál kóteriletuǵın dawıslı seslerdiń atlıqlasqan kelbetlik sózde kelgenligin durıs anıqlań. ***1) Jalqawdıń janı tatlı. 2)Erinshektiń eki dostı bar: biri uyqı, biri kúlki. 3) Ózimshil ózgeni oylamas... .***
***4) Batırlar jaw kelgende sınaladı. 5)Jalqaw úydiń qasında.***
A) 3,4 B) 2,3
C) 1,2 D) 4,5

**25.** Qospa gáptiń dáslepki jay gápi ulıwmalıq mánide kelip sońǵı jay gáp arqalı túsindirilip kelgen qaysı gápte irkilis belgileri durıs qoyılǵan?
A) Biziń de júrer jolımız onsha alıs emes "Qudıqlı" stanciyasına shekem 60 kilometr-aq bar edi.

B) Biybijandı da qıynaǵan taǵı bir oy bar: jas Saǵıydulla abaysızda uyqılap qalıp, úlkenlerden sóz esitip júre me?
C) Onıń qay tárepke ketkenin ózi xabarlamaǵansha bile almaǵanbız, sebebi bul jerlerde soqpaqtıń ózi joq.
D) Olar qumlıqtı kesip óte almadı, sebebi qumlıq óziniń neshe jıllıq tikenli ósimlikleri menen kewip jatar edi.

**26.** Tartımlı seplengen atlıq sóz qatnasqan gáplerde is-hárekettiń zatlıq mánidegi sózlerge qatnasına qaray feyildiń qaysı túri qollanılǵanlıǵın anıqlań. ***1) Begler, táriyip etsem, qalpaq yurtını. 2) Xosh aman bol, bizden qaldıń Bozataw. 3) Anı kórgenlerdiń aqlını alǵan. 4) Baylarǵa yarshar qayır-saqawat.***

A) 2,4 –awıspalı feyil
B) 3, 4-kelbetlik feyil
C) 1,3-awıspalı feyil
D) 1-anıqlıq meyil; 2-buyrıq meyil

**27.** Qaysı gáptegi dórendi sózge dáslep sóz jasawshı, onnan soń forma jasawshı qosımta qosılǵan?
A) Ájimuratjan balam, oshaqtaǵı óship qalǵan ottı úrleshi, bálkim,janar.
B) Kóp oylanıp sayaqatqa ketiwdi uyǵardı hám bunı eń dáslep jaqın doslarına bildirdi.
C)Awıllıq keńsege jolıq hám keshegi máseleniń anıǵın bilip kelegór.
D) Qoranıń tóbesin bastırmalasesh, erteńgi jawın-shashın ábiger qılmasın.

**28.** Belgilew almasıǵı qatnasqan qaysı gáplerde 1 bette betlengen atlıq sóz qatnasqan?
***1) Qıyalıma hár nárselerdi keltirip birde arıslanman, birde qoyanman. 2) Hár nárseni oylama, perzentińnen kewliń bolsın toq.3) Hár jıldıń ózgeshe nesiybesi, bereketi bar. 4) Hár qarıs topıraǵıń qádirin bilge, men diyqanman, men diyqanman.***
A) 2,4
B) 1,3
C) 2,3
D) 1,4

**29.** Qaysı gápte atlıqtan bolǵan úylesiwshi anıqlawısh hám awıspalı feyil qollanılǵan?
A) Biz bilgen Mómin ǵarrı bolsa dáldireklep súyretilgen aǵashtıń izinde júr.
B) Onıń bir jaqsı ádeti – kópshilik jaǵdayda jalǵız qalıp kitap oqıydı.
C) Qálli aspazdıń asxanası júdá azada, ol jerden júdá jaǵımlı iyisti sezineseń.
D) Jaqsınıń sáwbeti jaǵımlı, qansha tıńlasań da heshqashan biyzar bolmaysań.

**30.** Berilgen tapsırmalardı teksttegi tiyisli mısallar menen sáykeslestiriw arqalı orınlań.

| Tapsırmalar | Tekst |
|---|---|
| 1. Kómekshi sózdi tiyisli seplik qosımtası menen almastırǵanda stillik qátelik bolmaydı.<br>2. Tabu sózler qollanılǵan.<br>3. Stillik jaqtan almasıqtı tayda tuyaq qalmay turaqlı sóz dizbegi menen almastırıp qollawǵa boladı. | (a) Adamlar búgingi qutlı merekege japtıń payapılınan sap dizilisip ótpekte. (b) Sebebi bul awılǵa tek usı payapıldan baslanatuǵın soqpaq arqalı keliwge boladı. (c) Olardıń arasında Tazagúl de bar. (d) Awıldaǵı jası úlken erlerdi qaynaǵa, kishilerin mırzaǵa dep bárha sıylaytuǵın bul kelinshek qosıq ta aytadı. (e) Ol báhárdiń jipek samalına ún qosıp, álle qosıqtı qızlar menen aytıp kiyatır. (f) Kózdi ashıp jumǵansha biy babanıń toyına hámme jıynaldı. |

A) 1-b, 2-d, 3-f
B) 1-a, 2-e, 3-c
C) 1-e, 2-f, 3-a
D) 1-c, 2-b, 3-d